

Netwaye Jwèt yo Pou Kenbe Pitit Ou Yo An Sante

Lave oswa siye jwèt pitit ou yo chak jou yo itilize yo epi chak fwa yo sal.

- Pou w netwaye jwèt dlo kapab andomaje yo (pa egzanp, aparèy elektwonik, jwèt a chèn oswa liv), itilize ti sèvyèt mouye ki gen omwen 70% alkòl.
- Pou w netwaye jwèt dlo p ap andomaje yo, mete yo nan yon machin pou lave vesèl oswa machin a lave (itilize paramèt dlo cho a) oswa fwote yo avèk dlo cho ki gen kim savon.




Aprè w fin lave oswa siye jwèt yo, retire mikwòb yo avèk yon (1) ti kiyè klowòks nan yon (1) galon dlo frèt oswa itilize yon dezenfektan ki anrejistre nan Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency).

- Pou w jwenn yon lis pwodui dezenfektan ki anrejistre, ale sou bit.ly/epa-list-g-products oswa eskane kòd QR la.
- Pwodui yo apwouve pou nowoviris yo ap efikas kont lòt viris ak bakteri yo tou.



- Pou w netwaye jwèt timoun yo mete nan bouch yo, itilize pwodui ki elimine mikwòb yo, apres a rense jwèt yo avèk dlo pwòp epi kite yo sèch.



Timoun yo pa ta dwe ale nan gadri lè yo malad. Yo kapab nòmalman retounen lè yo pa genyen sentòm ankò.

Selon kalite enfeksyon pitit ou a genyen, Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York ka di kilè li kapab retounen nan gadri san danje.



Pou w jwenn plis enfòmasyon, rele **311** oswa ale sou nyc.gov/health epi chèche "child wellness" (byennèt timoun).